# NAQÍL-MAQALLAR ARQALÍ OQÍWSHÍLARDÍŃ LEKSIKALÍQ KOMPETENCIYASÍN RAWAJLANDÍRÍW

**Karamatdinova Gawhar Tayırovna,**
*Ajiniyaz atındaǵı Nókis mámleketlik pedagogika institutı tayanısh doktorantı*
E-mail: *gauharkaramatdinova6@gmail.com*

**DOI: https://doi.org/10.5281/zenodo.18903352**

***Annotaciya:*** *Maqalada ulıwma bilim beriw mekteplerinde ana tili hám ádebiyat sabaqlarında xalıq danalıǵı bolǵan naqıl-maqallardan paydalanıwdıń metodikalıq imkaniyatları talqılanadı. Oqıwshılardıń leksikalıq kompetensiyasın rawajlandırıwda naqıl-maqallardıń ornın kórsetilip beriw menen birge, olardıń sóz baylıǵın bayıtıw, logikalıq pikirlewdi jetilistiriw hám kórkem sóylew mádeniyatın qáliplestiriw jolları boyınsha usınıslar berilgen. Maqalada naqıl-maqallar ústinde islewdiń innovaciyalıq usılları hám olardıń oqıw procesindegi nátiyjeliligi túsindirilgen.*

***Tayanısh sózler:*** *leksikalıq kompetenciya, naqıl-maqallar, lingvodidaktika, sóz baylıǵı, interaktiv metodlar, didaktikalıq material.*

***Аннотация:*** *В статье анализируются методические возможности использования народных пословиц и поговорок на уроках родного языка и литературы в общеобразовательных школах. Наряду с демонстрацией роли пословиц и поговорок в развитии лексической компетенции учащихся, даны рекомендации по обогащению их словарного запаса, совершенствованию логического мышления и формированию культуры художественной речи. В статье объясняются инновационные методы работы с пословицами и поговорками и их эффективность в учебном процессе.*

***Ключевые слова:*** *лексическая компетенция, пословицы, лингводидактика, словарный запас, интерактивные методы, дидактический материал.*

***Abstract:*** *The article discusses the methodological possibilities of using proverbs and sayings from folk wisdom in native language and literature lessons in general education schools. Along with demonstrating the role of proverbs and sayings in developing students' lexical competence, recommendations are provided on ways to enrich their vocabulary, improve logical thinking, and cultivate a culture of artistic speech. The article explains innovative methods of working with proverbs and sayings and their effectiveness in the learning process.*

***Keywords:*** *lexical competence, proverbs, linguodidactics, vocabulary, interactive methods, didactic material.*

Házirgi globallasıw dáwirinde jas áwladtıń ana tili baylıqlarınan tolıq paydalana biliwi, óz pikirlerin kórkem hám anıq bayanlay alıwı eń áhmiyetli máselelerden biri bolıp qalmaqta. Bilimlendiriw sistemasına qoyılatuǵın zamanagóy talaplar oqıwshılarda tek teoriyalıq bilimlerdi emes, al leksikalıq kompetenciyanı da qáliplestiriwdi názerde tutadı Leksikalıq kompetenciya — bul oqıwshınıń sóz baylıǵın aktiv qollana alıwı, sózlerdiń máni hám stilistikalıq qásiyetlerin orınlı paydalanıw qábiletidur. [Азимов Э. Г., Щукин А. Н.– М.: ИКАР, 2009. – С. 124. ]

Biraq búgingi kúnde jaslar tilinde sóz baylıǵınıń az ekenligi, shet tillerden ózlestirilgen jargonlar hám kóp mánili sózlerden nadurıs paydalanıw jaǵdayları ushıraspaqta. Bul máseleni sheshiwde xalıq danalıǵınıń tawsılmas deregi bolǵan

naqıl-maqallar didaktikalıq qural sıpatında úlken áhmiyetke iye. Sebebi, naqıl-maqallarda bir neshe júz jıllardıń tariyxı hám ata-babalarımızdıń tili menen dúzilgen sóz dúrdanaları bar. Filologiya ilimleri doktorı Q.Ayımbetov xalıq naqıl-maqalların izertley otırıp bılay degen edi: «Naqıl-maqallar turaqlı úlgige iye bolǵanlıqtan, xalıqlar tariyxında olardıń tutqan ornı úlken... Mine, sonlıqtan xalıqtıń tariyxın, onıń til tariyxın izertlegende xalıqtıń naqıl-maqalları kóp material beredi» [Q.Ayımbetov,. Qaraqalpaq naqılları hám maqalları. Nókis, 1956. 7-bet].Haqıyqatında da, xalıqtıń ótkendegi ómirinde ushırasqan tań qalarlıq waqıyalardıń sol zamanlardaǵı sóylew tilinde qollanılǵan sózlerdi, naqıl-maqallarda ushıratamız.

Naqıl-maqallar - bul tildiń kórki, oy-pikirdiń biyik shıńı hám tárbiyalıq quralı. Olar arqalı oqıwshı:

Sózlerdin turaqlı birikpelerin úyrenedi;

Logikalıq hám obrazlı oylawı rawajlanadı;

Qaraqalpaq tiliniń túpkilikli sózleriniń mánilerin túsine baslaydı.

Naqıl-maqallar óziniń ıqshamlıǵı hám mazmunınıń tereńligi menen oqıwshılardıń sóz baylıǵın arttırıwda úlken metodikalıq qábiletke iye. Olar tek ǵana tayın tekst emes, al til birlikleriniń barlıq qatlamların ózinde jámlegen úlgili model esaplanadı. Atap aytqanda, maqallar quramındaǵı sinonimler, antonimler, omonimler hám frazeologiyalıq birikpeler oqıwshınıń sózlik quramınıń bayıwına múmkinshilik jaratadı.

Oqıwshılardıń sóz baylıǵın rawajlandırıwda «Sózlik piramidası» metodınan paydalanıp 8-klass ana tili oqıw baǵdarlamasında berilgen «Miynet súyiwshilik» temasın oqıtıwda «Miynet penen jer kógerer, Ilim menen er kógerer» naqılı arqalı oqıwshınıń kognitivlik iskeriligin tómendegi basqıshlar arqalı aktivlestiredi. «Sózlik piramidası» (ilmiy-metodikalıq tiykarda)

1.Leksikalıq dáreje: bul basqıshta oqıwshılar naqıl quramındaǵı tiykarǵı leksikalıq birlikler memen tanısadı




Bul dárejede oqıwshılarda sóz baylıǵın keńeytiw hám sanalı túrde qollanıw kónlikpesi qáliplesedi.

2.Semantikalıq baylanıs dárejesi: naqıl eki komponentli semantikalıq modelge iye:

miynet → jerdiń kógeriwine alıp keledi.

ilim → eldiń kógeriwine tiykar boladı.

Bul baylanıs oqıwshılarǵa sebep-nátiyje qatnasın túsiniwge járdem beredi hám logikalıq pikirlewdi rawajlandıradı.

3. Sintaksislik qurılıs dárejesi: naqıl parallel konstrukciya tiykarında dúzilgen: [zat + penen] + [zat] + [is-háreket].

Bul struktura: pikirdiń anıq hám qısqa beriliwin, estetikalıq tásirlilik hám eslep qalıwdıń ańsatlıǵın támiyinleydi.

4.Lingvodidaktik maqset: sózlik piramidasın qollanıw arqalı oqıwshılarda

leksikalıq kompetenciya, baylanıslı sóylew,logikalıq pikirlew hám naqıl arqalı tárbiyalıq qádiriyatlardı ańlaw sıyaqlı kónlikpeler rawajlanadı.

5. Tálim-tárbiyalıq mazmunı: naqıl

miynetti - materiallıq rawajlanıwdıń tiykarǵı faktorı

ilimdi - jámiyet progressiniń bas quralı sıpatında kórsetedi.

Bul arqalı oqıwshılarda: miynetsúyiwshilik, bilimge umtılıw, elge paydalı bolıw sıyaqlı qádiriyatlar qáliplesedi.

Naqıl-maqallar ústinde islew oqıwshılarda tek lingistikalıq bilimlerdi emes, bálkim olardan turmısta orınlı paydalanıw kónlikpelerin rawajlandıradı. Sonday-aq óziniń ıqshamlıǵı hám semantikalıq syujetliligi menen oqıwshınıń yadın hám pikirlew háreketin jedellestiredi.

Juwmaqlap aytqanda, naqıl-maqallardan sabaq barısında sistemalı túrde paydalanıw oqıwshılardaǵı sóylew qabiletin saplastırıwdıń eń nátiyjeli lingvodidaktikalıq modeli esaplanadı. Bul usıl oqıwshılardıń tek ǵana sóz baylıǵın bayıtıp qoymastan, al olarda milliy tilge bolǵan estetikalıq qızıǵıwshılıqtı hám kórkem oylaw mádeniyatın qáliplestiriwdiń birden-bir quralı bolıp xızmet etedi.

**Paydalanılǵan ádebiyatlar:**

1. Abdinazimov Sh., Tolıbayev X. Lingvokulturologiya (oqıw qollanba) Nókis, 2020.
2. Азимов Э. Г., Щукин А. Н. Новый словарь методических терминов и понятий (теория и практика обучения языкам). – М.: ИКАР, 2009.
3. Berdimuratov.E. , Házirgi qaraqalpaq tili.Leksikalogiya. Nókis. “Bilim.” 1994.
4. Ayımbetov.Q,. Qaraqalpaq naqılları hám maqalları. Nókis, 1956.
5. Piriniyazova A., Shınnazarova S. Házirgi ádebiy til(leksikologiya)di oqıtıwda innovaciyalıq usıllar. Toshkent: Tafakkur qanoti, 2020.
6. Kazımbetova.Z., Atamuratova.K., Uzakbaeva.G., Jiemuratova.K., Seytmuratova.A. Qaraqalpaq tili. 8-klass.Toshkent-2025.